

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu judul skripsi téh nyaéta “Kumpulan Carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)”. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta 1) Struktur carita unggal carpon dumasar kana fakta carita saperti téma, latar, tokoh jeung panokohan, jeung galur. 2) Ajén moral dumasar kana ciri-ciri ajén moral nyaéta moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka papada jalma, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

Struktur carita dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan)

Téma tina genep judul carpon nu ditalungtik, miboga téma nu béda-béda. 1) *Peuting nu Sanget* téma dina ieu carpon nyaritakeun kaayan hiji lembur anu sieun meunang mamala sabab geus maéhan jelema anu gagal ngélmu, 2) *Tulang Lebaran* nu nyaritakeun kahirupan jalma anu sangsara teu bisa meuli daging di poé lebaran nepika ditinggalkeun indit ku pamajikanna, 3) *Kami Ulah Dihukum* nu nyaritakeun nyaritakeun Mang Arsan manggihan hiji pamayang anu maot teu kahaja, lantaran aya nu ngala lauk ngagunakeun dinamit dina bagang, 4) *Yambisé* nu nyaritakeun nyaritakeun hiji awéwé nu miboga tékad pikeun ngabakti kucara jadi guru rélawan di Papua bagéan jero. Dina mangsa harita kaayaanna keur teu aman, lantaran aya hiji kelompok separatis nu néwakan jalma-jalma non Papua, satuluyna éta kelompok téh jadi musuh para tentara jeung polisi, 5) *Sang Tarum* nu nyaritakeun nyaritakeun layon indung nu iklas masrahkeun anak ka Nu Nyipatkeun, dina rongkahna hiji papastén, 6) *Surat ti Palmira* nu nyaritakeun kaayaan kota Palmira nu simpé kawas kuburan lantaran loba layon manusa nu geus dihujanan bom jeung katelengasan manusa, nu mimitina tina parebut alas jeung kilang minyak nu matak jadi pacéngkadan antara nagara-nagara badag saperti Turki, Rusia, jeung Amérika.

Galur carita anu kapaluruh tina salapan carpon téh nyaéta galur campuran jeung galur mérélé. Aya opat carpon anu miboga galur campuran, sacara umum unggal carpon dibuka ku galur maju anu nyaritakeun kaayaan palaku utamana. Dibagian tengah carita loba galur anu mundur, nyaéta nyaritakeun kajadian-kajadian anu

**Muhammad Iqbal Fathoni, 2023**

**KUMPULAN CARPON SURAT TI PALMIRA KARYA HADI AKS (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kungsi karandapan ku palaku. Aya dua carita nu miboga galur mérélé nyaéta *Yambisé* jeung *Surat ti Palmira*.

Tokoh jeung Panokohan dina genep carpon anu kapaluruh aya 46 tokoh, genep salaku tokoh utama jeung 40 tokoh salaku tokoh tambahan, boh anu ngalalakon boh anu kacaritakeun saliwat, sarta watek tokoh anu kagambar dina ieu kumpulan carpon katitén tina karakter eusi dina caritaanana.

Dina struktur carita kapaluruh ogé latar caritana. Latar carita anu dianalisis dibagi jadi latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Latar waktu pakait jeung waktu lumangsungna hiji kajadian, latar tempat patali jeung tempat lumangsungna hiji kajadian. Nu pamungkas latar sosial, nyaéta latar anu ngawengku status palaku dina kahirupan sosialna, biasana mangrupa kasang tukang pagawéan palaku, misalna waé guru, buruh, tukang dagang, jeung sajabana.

Satulunya dina struktur carita kapaluruh sarana sastrana nyaéta judul jeung puseur implengan. Judul carita angrupa hal pertama anu ditingali ku pamaca saacan maca eusi caritana. tina hasil analisis kapanggih yén judul tina salapan carpon téh pakait kabéh jeung eusi caritana.

Anu pamungkas tina analisis struktur carita nyaéta ayana puseur implengan carita. Tina genep carpon anu dianalisis, puseur implengan carita anu kapaluruh téh aya tilu nyaéta, puseur implengan palaku kahiji 'Kuring', puseur implengan campuran, jeung puseur implengan palaku katilu.

Ajén moral anu nyangkaruk dina buku kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS ditalungtik ku cara niténan tina sikep, paripolah, paguneman atawa kakecapan tokoh nu aya dina unggal carpon. Tina genep ajén moral, anu kapanggih aya lima ajén moral. Aya tilu carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka Pangéran (MP), tilu carpon anu nyangkaruk ajén moral nu indikatorna moral manusa ka dirina (MMD), genep carpon ajén moral nu indikatorna moral manusa ka papada jalama (MMPJ), dua carpon anu nyangkaruk moral nu indikatorna moral manusa ka alam (MMA), jeung dua carpon anu nyangkaruk ajén moral anu indikatorna moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Intina tina genep carpon anu aya dina buku kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS lolobana kapaluruh ajén moral anu indikatorna moral manusa ka papada jalama (MMPJ).

## 5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtu teu leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana dina nambahán pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan. Dumasar hasil panalungtikan, dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén moral dina karya sastra utamana dina carpon Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta: 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) pamaca, jeung 3) masarakat. Panalungtikan satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi tapak lacak pikeun panalungtikan anu leuwih jembar. Pamaca jeung masarakat dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pamahaman karya sastra saperti loba maca hasil kajian sastra. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat.